

# FÒM SOU ENFÒMASYON MEDIKAL PRIVE 2023-2024



Non Elèv la \_\_\_\_\_ # ID Polk li: 5300- \_\_\_\_\_ Klas \_\_\_\_\_ Pwofesè \_\_\_\_\_

Dat Nesans \_\_\_\_\_ Sèks \_\_\_\_\_ Telefòn Lakay: 1e \_\_\_\_\_ 2è \_\_\_\_\_ # Bis la \_\_\_\_\_  
MM/JJ/AAAA

<p align="center"><b><u>Paran oswa Responsab la dwe ranpli paj sa a, siyen do fòm sa a epi voye l retounen nan lekòl la.</u></b>  <u>Tanpri fè tchèk nan ti kare pi ba a ki reprezante nenpòt pwoblèm pitit ou a ta genyen.</u>  <b>Remak: pou keksyon medikaman, tanpri make ti kare "wi" a sèlman si timoun nan ap pran medikaman kounye a.</b></p>	
1.	<input type="checkbox"/> Alèji ak: <input type="checkbox"/> manje: _____ <b>Alèji ak:</b> <input type="checkbox"/> Medikaman: _____, <b>Alèji ak:</b> <input type="checkbox"/> Foumi, <input type="checkbox"/> Gèp, <input type="checkbox"/> Myèl, <input type="checkbox"/> Bagay nan Antouray la oswa lòt bagay. Ekri non sa li fè alèji yo: _____ <b>Presize ki kalite reyaksyon li fè:</b> <input type="checkbox"/> Bouton, <input type="checkbox"/> Anflamasyon, <input type="checkbox"/> Ti Boul sou po, <input type="checkbox"/> Pwoblèm respirasyon, <input type="checkbox"/> Vomi, <input type="checkbox"/> Dyare, <input type="checkbox"/> Lòt _____ <input type="checkbox"/> L'ap pran medikaman pou alèji. Non medikaman an: _____ <b>Èske timoun nan bezwen yon dyèt (yon kalite manje) espesyal?</b> <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non (si wi, lekòl la ap mande yon doktè pou bay yon Fòm Chanjman Dyèt). Pran yon Fòm Chanjman Dyèt sou entènèt oswa nan men Administratè Nitrisyon nan Lekòl la)
2.	<input type="checkbox"/> Opresyon. Istwa li: <input type="checkbox"/> <b>Wi</b> . Li nan swen doktè kounye a? <input type="checkbox"/> <b>Wi</b> <input type="checkbox"/> <b>Non</b> . Lis bagay ki pwovoque maladi a: _____ <input type="checkbox"/> L'ap pran medikaman pou opresyon an. Non medikaman an _____
3.	<input type="checkbox"/> Pwoblèm Pèt Atansyon/Two Aktiv (ADD/ADHD). <input type="checkbox"/> L'ap pran medikaman. Non medikaman an: _____
4.	<input type="checkbox"/> Otis <input type="checkbox"/> Dokte fe dyagnostik <input type="checkbox"/> pran medikaman. Non medikaman li pran _____
5.	<input type="checkbox"/> Maladi otoiminite (Lupus, etc.) <b>Esplike:</b> _____
6.	<input type="checkbox"/> Pwoblèm nan San <input type="checkbox"/> Anemi Falsifòm <input type="checkbox"/> Pwoblèm Pèt san. Presize: _____
7.	<input type="checkbox"/> Kansè. Eksplike _____
8.	<input type="checkbox"/> Fibwoz kistik <input type="checkbox"/> L'ap pran medikaman. Non medikaman an: _____
9.	<input type="checkbox"/> Dyabèt. L'ap pran ensilin? <input type="checkbox"/> <b>Wi</b> <input type="checkbox"/> <b>Non</b> <b>Èske timoun nan dwe resevwa medikaman ensilin nan lekòl la?</b> <input type="checkbox"/> <b>Wi</b> <input type="checkbox"/> <b>Non</b> <input type="checkbox"/> L'ap pran medikaman. Non medikaman an: _____ <input type="checkbox"/> Sik nan san li ba. <input type="checkbox"/> L'ap pran medikaman. Non medikaman an _____
10.	<input type="checkbox"/> Pwoblèm dijestif. Eksplike: _____
11.	<input type="checkbox"/> Shòk nan tèt (grav). Eksplike: _____
12.	<input type="checkbox"/> Pwoblèm tandè <input type="checkbox"/> Li itilize aparèy pou l tandè. <input type="checkbox"/> Zorey sou bo dwat <input type="checkbox"/> Zorey sou bo goch
13.	<input type="checkbox"/> Maladi Kè. Eksplike: _____ <b>Li nan swen doktè pou pwoblèm sa- a?</b> <input type="checkbox"/> <b>Wi</b> <input type="checkbox"/> <b>Non</b> <b>Okenn aktivite yo mande l pou l pa fè?</b> <input type="checkbox"/> <b>Wi</b> <input type="checkbox"/> <b>Non</b> . Si wi, eksplike: _____
14.	<input type="checkbox"/> Li fè tansyon <input type="checkbox"/> L'ap pran medikaman. Non medikaman an _____
15.	<input type="checkbox"/> Maladi ren oswa maladi vesi. Eksplike _____ <input type="checkbox"/> Sa mande yon katete. Eksplike ki tip de katete: _____
16.	<input type="checkbox"/> Maladi mantal. <input type="checkbox"/> L'ap pran medikaman. Non medikaman an _____
17.	<input type="checkbox"/> Migrèn. L'ap pran swen doktè pou migrèn? <input type="checkbox"/> <b>Wi</b> <input type="checkbox"/> <b>Non</b> : <input type="checkbox"/> L'ap pran medikaman. Non medikaman an _____
18.	<input type="checkbox"/> Maladi nan misk/zo/pwoblèm pou l fè mouvman. Eksplike _____
19.	<input type="checkbox"/> Maladi kriz. <b>Ki kalite kriz:</b> _____ <b>Ki dènye fwa li te genyen li?</b> _____ <input type="checkbox"/> L'ap pran medikaman. Non medikaman an _____
20.	<input type="checkbox"/> Pwoblèm vizyon. Eksplike: _____ <input type="checkbox"/> Linèt <input type="checkbox"/> Vè Kontak
21.	<input type="checkbox"/> Lòt maladi ki pa nan lis sa a. Eksplike _____ <input type="checkbox"/> Lòt medikaman l'ap pran ki pa nan lis pi wo a: _____
22.	<input type="checkbox"/> Pitit mwen an pa genyen <b>okenn</b> nan pwoblèm oswa maladi ki nan lis sa a.

Kòmantè adisyonel sou lòt enfòmasyon sante.

# Konsantman Paran Pou Sèvis Sante Lekòl

## Ane Lekòl 2023 – 2024

Non Etidyan \_\_\_\_\_ #ID Polk \_\_\_\_\_ Nivo Klas \_\_\_\_\_ Anseyan \_\_\_\_\_

Depatman Edikasyon Florid e Depatman Sante Florid travay ansanm nan kolaborasyon pou koòdone Program Sèvis Sante Lekòl jan Lwa Florid Seksyon 381.0056, 281.0057, e 402.3026 mande. Selon Lwa Florid 1001.42: Yon paran/gadyen DWE bay konsantman chak ane pou pitit yo resevwa Sèvis Sante lekòl/Sèvis Klinik. Tanpri endike si w vle pitit ou disponib pou resevwa sèvis ki endike anba yo. Ansekle “wi” ou “non”.

NON	<p><b>Mwen vle pitit mwen kapab jwenn sèvis swen sante nan klinik la akòz maladi ou aksidan. Sèvis Sante Lekòl/Sèvis Klinik ka enkli: premye swen, swen ijans, evalyasyon sante, evalyasyon enfimyè, konsèy sante, referal e swivi, pwomosyon sante, maladi e prevansyon frakti, edikasyon primè sante ki ofri nan klinik la, e konsiltasyon sante.</b></p> <p><b>Si “NON” etidyan w PAP resevwa sèvis sante/klinik jan sa dekri piwo-a, ki enkli, men pa sèlman sa, tchèk tanperati kò,premye swen, eksetera.</b></p>
NON	<p><b>Mwen vle pitit mwen patisipe nan evalyasyon endividyèl etidyan ki gen rapò ak aprantisaj, konpòtman e/ou byennèt sosyal emosyonèl selon jan ekip ki travay sou rezolisyon problèm lekòl la egzije l pou asire enstriksyon nòmral e entèvansyon nan domèn sa yo. Sa ka enkli yon evalyasyon endividyèl vizyon/tande zorèy pou elimine difikilte ki afekte aprantisaj.</b></p>

\* Pa gen yon opsyon pou anpeche/dekline resepsyon swen ijans. Nan sitiasyon ijans, pèsonèl lekòl la ap kontakte Sèvis Ijans Medikal yo e ofri swen jiskaske Anbilans EMS rive. Kou EMS rive, se yo ki va pran tout aksyon jije nesèsè pou sante e sekirite pitit ou-a. Paran responsab finansyeman pou nenpòt swen ijans e/ou transpòtasyon pitit ou bezwen.

**Konsantman sa-a PA OTORIZE evalyasyon envazif ou pwosedi tès (COVID-19, priz san, vaksinasyon, eksetera, swen sante preventif, administrasyon medikaman, evalyasyon sante mantal, (terapi fizik, terapi okipasyonèl, eksetera.) ou lòt sèvis ki egzije direksyon parantal espesifik e konsantman (administrasyon medikaman, pwosedi medikal, administrasyon jerans medikal kondisyon sante, eksetera.)**

Pou pitit ou resevwa nenpòt medikaman ou tretman medikal nan lekòl, ou bezwen bay konsantman w pou sèvis sante/vizit klinik e bay yon nouvo Otorizasyon pou Medikaman/Tretman oumenm siyen e doktè pitit ou siyen chak ane lekòl. Se yon adil ki dwe pote tout medikaman bay lekòl la. Se paran/gadyen ki dwe founi tout medikaman e/ou tretman, ekipman, ou founiti.

Ou gen obligasyon tou pou ranpli Fòm Enfòmasyon Ijans e kontak e miz ajou enfòmasyon yo anyèlman ou nenpòt lè enfòmasyon chanje. Pèsonèl lekòl la ap kontakte w pou w chèche pitit ou lekòl si li pa kapab rete lekòl akòz maladi oswa aksidan. Si pèsonèl lekòl la pa ka jwenn ou, yap kontakte youn nan lis kontak ou bay nan Fòm Enfòmasyon Kontak e Ijans la pou vini pran pitit ou-a. Nan sitiasyon ijans yo, pèsonèl lekòl la ap kontakte Sèvis Medikal Ijans e ofri swen dijans annatandan Sèvis Medikal Ijans/ EMS rive. Kou EMS rive, yap pran tout aksyon jije nesèsè pou sante e sekirite pitit ou-a. Paran yo responsab finansyèman pou nenpòt swen dijans e/ou bezwen pitit.

**NOTIS: Tès eta obligatwa evalyasyon sante swivan yo ofri: egzamen vizyon nan klas PreK, K, 1, 3, 6; tès tande zorèy nan klas PreK, K, 1, 6; egzamen kwasans e devlopman/Endèks Mas Kò Fizik (BMI) nan klas PreK, 1, 3, 6; egzamen nivo tansyon san pou klas Head Start PreK; e egzamen skolyoz nan klas 6. Si w pa vle pitit ou patisipe nan okenn nan evalyasyon anwo yo, tanpri ranpli Fòm Refi Evalyasyon Sante Lekòl disponib sou sit entenet lekòl pitit ou-a. Ou gen aksè ak fòm sa-a sou sit entènèt distri ya (<https://polkschoolsfl.com/policiesandforms>). Fòm refi ya bezwen ranpli e soumèt chak ane lekòl ou pa vle pitit ou patisipe nan evalyasyon obligatwa sante yo.**

Lekòl Piblik yo nan Zòn Polk la ap pataje enfòmasyon medikal etidyan ki nan dosye edikasyon selman nan limit sa lalwa pèmèt. Li ka nesèsè pou pataje kèk enfòmasyon sou pitit ou ak patnè swen Sante Konsèy lekòl La pou ofri e evalye sèvis sante oswa obteni tretman medikal ijans. Dosye edikasyon pitit ou kapab pataje tou ak ofisyèl lekòl yo ki gen yon objektif edikasyonèl lejitim pou gen aksè dosye tretman konsa. Se pou sa, se responsablite pa w pou notifiye lekòl la sou nenpòt chanjman nan enfòmasyon ki ekri sou fòm sa-a.

**Mwen sètifye mwen aksepte oswa refize Sèvis Sante/Sèvis Klinik kòm endike piwo-a, ke enfòmasyon sou Fòm Medikal sa-a korèk, e mwen konprann lekòl la jere tout enfòmasyon medikal e dosye konfòmman ak Lwa Florid.**

Dat: \_\_\_\_\_ Paraf Paran/Gadyen ki anwole etidyan-an: \_\_\_\_\_

Prente Non Paran/Gadyen ki anwole Etidyan-an \_\_\_\_\_